Лъэпкъым и цIыху пажэкIэ зэраджэр пщIэ зыхуащI, зи цIэр фIыкIэ зыгъэIуфа, зи зэрIэкIымрэ зэчиимрэ бэм яхуэзыгъэлэжьэфырщ. Апхуэдэхэм яхыубжэ хъунущ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей къэралдрамэ театрым и лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и артист т. Шэджэм къалэм щIыхь зиIэ и цIыху Къэжэр Борис.

ЛЪЭПКЪ гъуазджэм зегъэужьыным хэльъхьанегъэ ин хуэзыщIа, илъэс 34-кIэ а Iэщlагъэм ирилэжьа Къэжэрым и творчествэм теухуа пшыхь иджыблагъэ щыIэхэтащ Шэджэм къалэ дэт курыт еджапIэ №2-м. Ар къыхэгъэгъэнэщащ а школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъаджэ Вэрыкъуэ Мадинэрэ ар зи унафэщI 8-нэ «Б» классым щIэс цIыкIуэмрэ.

Гуфlэгъуэ зэхьихьэм хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан, Къэбэрдей драмэ театрым и унафэщIым и къуэдзэ Бэрэгъуэ Руслан, Шэджэм куей администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэхэу Уэдыжь Хьэсаншрэ Урыс Асльэнрэ.

Гурыщlэ дахэхэр псэм къыщызыгъэуш макъамэ щабэр кьоIури, гуфlэгъуэ зэхьихьэр адыгэ кьафэкIэ къыззIуах. Я1эуу утыкум зуихуит зыхуащIа, еджапIэм и унафэщI Къэбжьыхь Артур зэIущIэм кърихьэлIэхэм фIыщIэ яхуищIри, пшыхьыр зи цIэкIэ зэхаща Къэжэр Борис екъуэхьуащ и зэфIэкIым адэкIи хигъахьуэу иджыри куэдрэ утыкум итыну, и роль гъэщIегъуэнэхэмкIэ цIыхухъэр игъэгуфIэу, игъэнэщхьеиуэ, игъэгупсысу...

Хэк1ylI нэскIэ Тхьэр я жьлэм къыхуэупсауэ къыззэралытэр, кIудым щапхьэ яхуэхъуи дуней тетыкIэ екIу зэрилэр, и дэтхэнэ ролри къыззэрехьылIэр, узыгъэIущ, гъащIэм уху1эуущий псалъэ пэж куэд утыкум зэрыщыжилэр икIи, апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхубэм ЕймрэфIымрэ зэхащIыкIыу игъэсэнкIэ и Iэщlагъэм кърит Iэмал нэхъыщхьэу езы Борис кы-

● Пшыхьхэр

Къэжэр Борис *(я кум дэсщ)* Шэджэм щагъэлъапIэ.

зэрыщыхьужыр - нэгъуэщI куэдми еджакIуэхэм гу лъатэрт.

- Курыт еджапIэр кьиуха нэжь, Борис советыдэм хэту кьулыкъу щищIащ Германием. Армэм кьикIыжри, лэжьэн щыщIидзащ Налшык дэт «СКЭП» заводым. Щапхъэ игъэлъагъуэу зэрылажьэм щхьэкIэ «Лэжьыгъэм щыпэрыт» медаль къыхуатгъэфэщащ. Зыпэрыт Iэнатlэм екъулIэми, щалэм игу ихуртэкъым куэд льандэрэ и гущlэм щигъафlэ хъуэпсапIэр - артист хъуиж, икIи 1970 гъэм Борис яхэхуащ гъуазджэм и щэхухэм хуеджэжьу Москва кIуэ щIигу игъэзэщIащ. Щэджэм Аминэ сымэ гъэхуаеу кьеджащ артистым и усэхэм, абыхэм ящыщ щым къытращIыкIа уэрэди ягъэзэщIащ.

Адэкlэ Цей Фатlимэ зи унафэщI школ драмкружокым хэт цIыкIуэхэм псысэхэм къытращIыкIа тепльэгъуэхэр Iэ1эу ягъэльэгъуащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан къыщыпсальэм кьыхигъэщащ зэIущIэр нэгъэкIуэу, дахэу къыхэрыхэргъэпсшар. «Зи щалэгъуэхэм апхуэдэ псальэ гуапэхэр къыпхужаIэныр, абыхэм я пщIэр куэд и уасэщ, - жиIащ Фырэ. - Сэ шэч къытезмыхьэу схужыIэнущ Къэжэр Борис нобэ къыхуащIа гульытэгъ хуэфащэ дыдэу зэрыщытыр. Ар зи Iэнатlэм псэмыблэжу пэрыт, гукIи псэкIи театрыр къыхэзыха артист щэджащэщ. Абы хуэдэ щIыху зэчиифIэхэр лъэпкъым куэду кьытхэкIыну Тхьэм жиIэ!»

Апхуэдэу хъуэхъу дахэхэмкIэ, псальэ гуапэхэмкIэ зэIущIэр къыззэщIгъэпэщахэм ар зытеухуами зыхуэпъэащ Бэрэгъуэ Руслан, Уэдыжь Хьэсаншэ, еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и методист Щоджэн Риммэ, егъэджакIуэ Щоджэн Аринэ сымэ.

Пшыхьыр зытеухуам псалъэ щратым, кьыхуащIа пщIэм и щхьэр лъагэу зэрыригъэIэлъагъуэр жиIаш икIи апхуэдэу дахэу, екIуу утыкум ит щIэблэ зиIэ жьлэм и цIыр фIыкIэ куэдрэ зэрыпIунрэ щэч къыззэрытримыхьэри къыхигъэщащ.

ЗэIущIэр къыззэзгъэпэщащэм Къэжэр Борис саугъэтхэр тыгъэ хуащIащ икIи гуфlэгъуэ зэхьихьэр джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

ЩОДЖЭН Иннэ.

● Хъыбар гуапэ

Урыс Олег Германием къыщыхожаныкI

Германием щекIуэжкIащ дзюдомкIэ ветерацэм я дунейпсо чемпионат. УФ-м и командэ кьыхэхам хэту абы щыбзащи ди лъэпкъэгъу, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер, СССР-м, Урысей Федерацэм, Европэм я чемпион Урыс Олег.

НЭХЪАПЭМ тренер цIэрыIуэ Ныр Сеф и гъэсэну щыта спортсменыр килограмми 100 зи хьэльагъэм я щхьэзакъуэ зэпеуэм жэ1 медалыр кьыщIихащ. Гуп зэхьэзэхуэм Урысей Федерацэм и командэм яго уплIэр щиубыдыным Урыс Олег хъыхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

ЖЫЛАСЭЗамир.

Иджыблагъэ Италием алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэпеуэ щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ дуней псом щынэхъ льащ бэнакIуэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыбзнащ зыбжанэрэ и екъулIэныгъэхэмкIэ ди республикэм и пащIэр зыIэта Щоджэн Олег. Иджыри медалынщэу абы къигъэзэжа-къым. Килограмм 84-рэ зи хьэльагъэм я гупым абы жэз медаль къыщихащ.

А махуэхэм ирихьэлIэу - накъыгъэм и 28 - 31-хэм - Йошкар-Олэ щызэхащIа щекIуэкIащ спорт бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэ. Илъэс 23-м нэс зи ныбжь спортсменхэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я Урысейпсо зэпеуэм кьрихьэлIащ къэралым и спортсмен нэхъ льащIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ абы щыбзнащ ди спортсменитI. Апхуэдэу килограмм 66-рэ зи хьэльагъэм я деж дыжьын медалыр кьыщIихащ Абдулин Асльэн. Килограмм 96-рэ зи хьэльагъэ Къарэжь Заур ещанэщ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Алыдж - урым бэнэкIэ

Ди щIалэхэм я зэфIэкI

пеуэм кьрихьэлIащ къэралым и спортсмен нэхъ льащIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ абы щыбзнащ ди спортсменитI. Апхуэдэу килограмм 66-рэ зи хьэльагъэм я деж дыжьын медалыр кьыщIихащ Абдулин Асльэн. Килограмм 96-рэ зи хьэльагъэ Къарэжь Заур ещанэщ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Лъагапlэхэм унэсын папщIэ

● Щlалэгъуэ

«Спортсмен цIэрыIуэхэр - сабий цIыкIухэм» кьыхуеджэныгъэм щIэту Iащlхьэмахуэ Iьапэ и «Щыгуиблъ» хьэщIэщым псапащIэ Iуэху иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Нартан къуажэм щыIэ еджапIэ-интернат №5-м, Эльбрус поселкэм и «Iуащхьэмахуэ» сабий-ныбжьыщIэ спорт школым я гъэсэныгъэ, зи цIэкIэр дыщэпскIэ тхьшэм хатха, республикэм и спортсмен цIыхуэ Хъушт Асльэнбэч.

Льыуаэ Тимур, Шаваева Мыхъут ар, Гъу пэ Елдар, Заруцкий Александр, Джудович Миодраг, Лорие Давид сымэ.

СПОРТСМЕНХЭМ сабийхэр ятхьэкъуаУэ я гъащIэм, спорт Iуэхум щIыщ пычыгъуэ гъэщIегъуэнхэр хуаIуэтащ, цIыкIуэр зыщIэупщIахэри жеящынышу кьагъэнакъым. Сыт хуэдэ спорт лIэужьыгъуэми ехьулIэныгъэ зыщыIэрыбгъэхьэн, льагапIэхэм унэсын папщIэ, ерыщу абы ухуэжьуэн, зэпIэзэрыту, зи нэIэ ущIэт гъэсакIуэм и ущиехэр гъэзэщIэн зэрыкуейр щIэблэм жраIащ, кьащхьэ щIэнтхьэкIуэр ияратащ.

Апхуэдэ зэпсэльэныгъэ гуапэм иужькIэ «Щыгуиблъ» ООО-м и унафэщI Исакъ Жаннэ фIыщIэ яхуищIащ Эльбрус поселкэм и администрацэм и тхьэмадэ Курданов Уэзир, КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм я лIыкIуэхэм, УФ-м Бгы-льыкIэ спортымкIэ и федерацэм и техническэ директор Ипатов Леонид, спорт еджапIэхэм я тренерхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ, спортсменхэм. Кърахьэжьа Iэхум кьыззэрыпащэнкъ, ар я деж1э хабзэу зэрыщIэфIыуэнкъ абы кьыхигъащ.

ХьэщIэм я Iэ зыщIэда тыгъэхэр сабийхэм ияратащ, я гъусэу фэеплъ ёурэ тхэр зытрагъэхащ. Адэкlэ цIыкIуэхэр Iэнэм ирагъэблэгъащ, абы кьыдэкIуэуи щIыпIэ эстрадэм и уэрэджвIыкIуэхэм я нэгу зрагъэжьащ.

УЭРДОКЪУЭ Гуланэ.

● Нобэ урыс усакIуэ щэджащэ Пушкин А.С. къызэралъхурэ илъэс 210-рэ ирокъу

Ар уахътыншэ зыщIар

Урысейм и машIэкъым зи цIэр дыщэпскIэ тхыдэм иратха щыху гъуэзэджэ хэр. Абыхэм ящыщ Пушкин Александр Сергеевич. А усакIуэ щэджащэм нлэжьам, хуэзфIэкIам абы и лъэпкъ щэнхабзэр куэдкIэ япэкIэ ихъыIуэтащ. Араш ар дIэщIыгъуитI хъуауэ урысхэм ину щIагъэлъапIэр.

Ди къэралым щыпсэу адрей лъэпкъхэми Пушкиным нлэжьар, итха-хэр, абыхэм яхэлъ гупсысэ гъуэзэджэхэр гурэ псэкIэ кьащтащ икIи езыхэм я гъащIэм, я щэнхабзэм, литературэм ахэр куэуэ хащIащ.

ЦIыхур ПСЭ ЖУ хуэлэжьэн хуейщ езыр кьызыхэкIа лъэпкъым. Ар ящыщ лъэпкъым. А къэхъыным пылъ жэуаплныгъэм куэдкIэ хохьэу, цIыхур зэрIэкIыщхуэ, зэчий зыбгъэдэлъу щытмэ. «Пушкин» жьпIэмэ, уигу кьэкIыр щхьэхуитныныгъэр лъагэу зыIэт, ныбжьэгъуэгъэ быдзэр зыгъафlэ, лъагъуныгъэ дахэр зыгъэбжьыфlэ, дунейм нехугъэу, гъащIэ зиIэу тет псоми псэ хьэлэлкIэ захуэзыгъаз, дыгъэ нэбзийр зи тхыгъэхэм кьыхэпс усакIуэщ.

Нэхъапэми Урысейм иIащ усакIуэ цIэрыIуэхэр, ауэ абыхэм ятьэкIакъым Пушкиным хуэдэу я макъыр лъэпкъ псом деж нагъэсIын.

УсакIуэшхэр щIакIуэ кIапэ тету зэрауэкIрэ илъэсиI 172-рэ мэ хъу. Абы и гъащIэр зыхьа шэр нобэ гъуэгу тетщ, усакIуэр фIыуэ зыльъагъэхэм я гум уIэгъэ тридзэу. Ауэ щыIэщ а пщIы а уIэгъэм еIэзэф «дохутыр» - ар езы Пушкиным и тхыгъэ гъуэзэджэхэу уахъ тыншэ хьуахэрщ. Нищ абыхэм я зэфIэкIыр: зи кьару щIихам кьаруущIэ хатьхьэж, зи зэфIэкI ужьыхам и тегушхуэныгъэр кьаръщIэрэщIэж, зи гур зыухам аргуэрр фIэщхъуныгъэ хаIэхьэж. ЦIыхупсэр ягъынт, ягъэ хуабэ абыхэм.

Гурыщlэ кьабзэжэр кьаръэуш. Нэхъгъэм, гуапагъэм дыхураджж. Апхуэдэу щыгытинуц дяпэкIэ ипъэсинщэжэр дэкIа нэужьи, ар щхьэкIэ жьпIэмэ, Пушкиным джа кьыщыщэпкъуа хъуащ урыс лъэпкъыщхуэм фIыгъуэу хэль псори. Араш ар уахътыншэ зыщIри жьы зымыгъэхъыри.

Адыгэ литературэм, абы щыщу усыгъэм, Iупщlу хьибольгъуэу урыс усакIуэм игъафlэу щыта гупсысэхэр, темэжр, усэкIэхэр. ЖьпIэ хьунущ ди усыгъэм и щIэдзапIэм деж щыта ди усакIуэхэр зыдэплъейуэ, абыхэм зы-зыхуэгъазэу, дэIэпыкъуэгъу кьахуэхъуу яIа егъэджакIуэхэм псом япэу Пушкиныр яхэтауэ. Абыхэм ящыщу зымэ кьыпикIухьаакъым урыс усакIуэшхэм, псори щыщэсащ Пушкиным деж, псоми зыхащIащ абы и псальэр. Щоджэнцыкlу Алий, Кьищокъуэ Алим, КIуащ БетIал сымэ, абыхэм нэхъыпэ нэхъыщIэхэмэ Пушкиным и усыгъэхэр я щапхъэу, я гъуэгугъэ-лъагъуэу щытащ икIи щытщ.

Пушкиным и творчествэм фIыуэ щыгъуазэ усакIуэхэм ящыщу куэд щыIэу кьыщIэкIынкъым абы хуэгъэзауэ усэ зымытха. Ар и щыхьэтщ усакIуэр зэпымыууэ Пушкиным зэрыщIэгупсысым, и тхыгъэр сыт щыгъуэ я пащхьэрыпхьу зэрыщIытм. ЛIэщIыгъуэкIэрэн щытынущ апхуэдэу, Араш щэджащэ жьыхуаIэр.

Урыс усакIуэшхэм сэри хуэстхащ усэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ мыр.

Пушкиным и ныбжьэгъуэхэр

УсакIуэр
И псэм еджэу тельт...
«Кьыщlэфщэт си ныбжьэгъуэхэр, - Жеlэ. - Сгъагъужынт...
Сэ сажкIыж абыхэм,
Сигу кьыщIитхъыу...
Сыт хуэдэу фIыуэ
Сгъагъурэт сэ ахэрI..»
Ар бауэрт хъыбзэ,
Ауэ и ныбжьэгъуэхэр
Зэрыщlыхьхьэу,
Щымри яхъэпгъащ.
Абыхэм нэкIэ
Iэплlэ кьахуищIыжри,
И дохутыр Даль

Ар гуапэу хуеплъэкIащ:
«Пжь льапIэ дыдэу
ГъащIэм щызэпIахэр
Ныбжьэгъу гупитlщ:
Мо щIэкIыжьахэр - зыуэ,
Етlуанэр - мис, уолъагъур,
Мы си тхьитхъэрщ,

Къутахуэу нIэм пащтыхьыгъуэм
Тетхауэ ди цIэхэр т етынщ!

Гъэр

Сэ сисщ мы хьэпс кIыфIу зыIутым гъущI хъар.
Бгъэ шыру яубыду гъэрыпIэу къэхъуар -
А зырщ си ныбжьэгъуэр, щхьэгъубжэм кьыIусщ,
Лы цIынэ гъы защIэр, есауэ, и Iусщ.

ЙоуIур, хьифIедзэ, щхьэгъубжэм кьыдопIть,
НэщхъеIщ ар, зыгуэрхэр ищIэну игу кьопIть.
Кьызоджэ ар кIийуэ, хэмыту щIегъуэж,
Кьызжи1у кьысфIощIыр: «Дыгъэпъхэтэж!

Дыкьуалэ щхьжунтщ дэ, си къуэш, дегъэжьэж!
Пшэм адэкIэ къуршхэм я щыгу дигъэхьэж,
ЩхъуантIэпсу тенджкьэхэм я щIыпIэм дыкIэнщ,
Жьы хунтымрэ сэрэ фIэкI здэщымыIэн!»

ЗэзыдзэкIар
КЪАГЪЫРМЭС Борисц.

НАЛО Къарэ Мыхьэмэт и пхъур

И ныбжьыр илъэс 85-м ипту, курыт еджапIэ хьапсэу сымаджа нэужь, 2009 гъэм мэкъуауэгъэщ и 3-м дунейм ехьжащ адыгэбзэр кьыпIэхъэ щIэрыпIэм егъэщIыжу щIэрыIуэ Нало Къарэ Мыхьэмэт и пхъур.

Нало Къарэ Лэскэн районым хьыхь Хьэтуей къуажэм 1925 гъэм щIыщыIэм и 1-м къыщалъхуащ. Къуажэ пэщIэдзэ еджапIэр кьиуха иужь, ар Налшык дэта мэкъумэш техникумым щIэтIысхьат, арщхьэкIэ зы илъэс фIэкIа абы щемыджкъуэ нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къытеуэри, техникумыр зэхуащIыжащ. 1942 гъэм щIытI щыIэхэм яхтащ Къарэ. Иужькlэ Iэщ дохутыр Iэщlагъэр зригъэгъуэтри, «Шэкэр» колхозым щылэжьащ. 1947 - 1948 гъэхэм Налор егъэджакIуэу щыIащ Зольскэ станицэм. 1948 гъэм Хьэтуей игъэзэжащ, пионерводжатэу лажьэуэр 10-нэ классри къиухьжащ. 1952 гъэм абы (экстернэу) педучилищэм Iэщlагъэ щызригъэгъуэтащ, зэрылажьэм хуэдэури, пединститутым заочнэу щеджащ.

1954 - 1969 гъэхэм Къарэ Арщыбан къуажэ школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ щригъэджащ. Жьлэм пщIэ зэрыщIэм и щIыхьэту, зыбжанэрэ къуажэ Советым и депутату хахащ.

Нало Къарэ гъащIэ тынш къэзыгъэщIахэм ящыщу пхужьIэнкъым. Ар ебланэ классым щIэсу арат политикэ зэхэзэхуэм хиубыда и адрэ щагъэтIысам. Ар и щхьэусыгъуэу хьыджэбз цIыкIур комсомолым кьыхагъэкIащ, арщхьэкIэ и адэр зэрагъэзэхуэжам ту, 1948 гъэм хагъэхьэжащ.

Гугъуехь псоми ебжьыуэфащ цIыхубз хуащ. 1958 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къиухащ, 1967 гъэм КПСС-м хыхьащ. 1969 гъэм Налшык къэIэпхъуэри, курыт еджапIэ №3-м и щэнхабзэ и литературэмкIэ щригъаджэу щIидзащ, а зэманым Iэщlыб ящIауэ щыта анэдэлъхубзэм куэди дригъэхьэхьажащ. 1975 гъэм егъэджакIуэхэм я щIэныгъэр щыхагъахьуэ институтым и методисту ар ирагъэблагъащ. Пенсэм кIуэху, 1980 гъэ хьухуикIэ, Налор абы щылэжьащ. И псэр дзэзыхьэха Iэщlагъэр Iэщlыб хуэмыщIу, ар пенсэм щыкIуэ илъэсыкI къыщыщIидзауэ 1988 гъэ пщIондэ экономикэ-правовой лицейм гъэсакIуэу щыIащ.

Сыт хуэдэ Iэнатlэми хьэлэлуэ, гуащIафIэу бгъэдэта Нало Къарэ кьыхуагъэфэщащ «УФ-м егъэджакIэ-гъэмкIэ и отличник», «Къэбэрдей - Балъкъэрым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ», «1 категорие зиIэ егъэджакIуэ» щIэ лъапIэхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, Урысейм и Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм кьабгъэдэкI Щыхь тхыльэ зыбжанэ, нэгъуэщIхэри.

Нало Къарэ зэрыегъэджакIуэ гумызагъэм кьыдэкIуэу, езыр зыгъэпIейтей, цIыхухэм гу зыльIэригъэтэну хуей Iэхуэгъуэхэм теухуауэ тхыгъэ куэд зи къалэмыпэм кьыщIэкIа гупсысакIуэщ. 1987 гъэм кьыщыщIидзауэ абы итхауэ тхыгъэ куэд «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуащ.

ЕгъэджакIуэ гъуэзэджэ, цIыху гуапэ, гупыпэ зи лъагэ зиIэ ныбжьэгъу пэж Нало Къарэ ар зыщIыхуу, кьыдэлажьэу щытахэм зэи ящыгъуупщIкIыным.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэ, Щэнхабзэмкlэ и министерствэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.

Къытфlощl нобэми ди гъусэу

● Гъэтъегъуэныгъэ

Сурэтыщl гъуазджэмкIэ Налшык дэт музейм щекIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Сындыкъу Тобий (Анатолэ) и фотолъ кьащIэрагъэнщащ гъэльэгъуэныгъэ. Лжьыгъэм сыт щыгъуи хуэжьыдэр щIыху гуащIафIэм сурэт дахэ куэд и Iэдакъэм кьыщIэкIат, ауэ, ди жагъуэ зэрыхуэщIа и кьару иныыгъуэу дунейм ехьжащ.

ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан, УФ-м** щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Тхьэкlумашэ Михаил,** Ветеранэм я Налшык къалэ советым и унафэщI **Абдуллаев Мустафа,** Налшык и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахьэтэн,** КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч,** КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, Сындыкъу Тобий и Iэдакъэщ1эжькIэхэр фIыуэ зыльагъуэ, зыуасэ зэрыхьэхуэ.

Гъуазджэмкlэ музейм и унафэщI **Жантудуевэ Елизаветэ** зэIущIэр къыщыщэIуихым къыхигъэщащ ди лъахэм сурэтыщI лъэрыкъ куэд къыщыунэхуным Тобий и гущlэ зэрыхэльыр икIи адэкIэ псальэ иритащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Фырэ Руслан.**

- Сындыкъу Анатолэ сурэтыщI гъуазджэм лэжьыгъэшхуэ кьыхинащ. Абы хуэзфIэкIащ езым и Iэдакъэщ1эжькIэхэри ди пащхьэ кьрихьэхи, художник ныбжьыщIэхэри игъэсэн, - жиIащ министрым. - Зэрытлъагъущи, нобэрей зэIущIэм цIыхушхуэ кьеклIуэлIащ, Анатолэ цIыху гъуэзджэу, кудым фIыуэ я1ьагъуэ зэрыщытам и цIыхьэту. СурэтыщI цIэрыIуэм и лэжьыгъэхэр кьытщIэхуэу щIэблэм егъэщIыхуэ хуейщ.

Апхуэдэу министрым фIыщIэ хуищIащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь, искусствовед **Сындыкъу Нелли,** и щхьэгъусэ Тобий и фэепльэр хуэсакъыу зэрихъэрэм папщIэ, икIи Щэнхабзэмкlэ министерствэм и Щlыхь тхыльыр иритащ.

Ефэнды Джылахьэтэн игу къигъэкIыжащ Тобий дзэжьакIуэшхуэу икIи ныбжьэгъу пэжу зэрыщытар, лъэжь дахэ гъуазджэм къызэрыхинар. **Абдуллаев Мустафа** жиIащ Сындыкъу Анатолэ и яужь ихьа Iуэхур кьыдэхъуу, зэфIэкI ин бгъэдэлъу зэрыщытар абы и гупсысагъэм зэрифIыщIэр.

- Анатолэ фортепианэ еуэу хэт емыдэIуэнрэт? - жиIащ **ТхьэкIумашэ Михаил.** - Цыхуфlт, хьэл-щэн дахэ хэлът. Къызэрытхэмытыжрэ илъэс 1ощI ихуэн, ди къытфIощI Тобий нобэми ди гъусэу, кьыдэлажьэу, и сурэтхэри и нэгум щIэтщ.

Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэр щыIэхукIэ Сындыкъу Тобий и лъэжьыгъэхэр зэрагъэлъэгъуэнур жиIащ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** икIи кьыхигъэщащ абы и гъэсэнхэм зэращыщыр дуней псом цIэрыIуэ щыхьэа сурэтыщI Сэвкlуий Хьэмид.

Гъэльэгъуэныгъэм и кIэухыу Сындыкъу Нелли жиIащ Тобий адэщхуэ хъуну щIэхъуэпсу зэрыщытар, апхуэдэ насыпыр абы иларгъуну кьыхуимыхуэ-ами и къуэрыльху Сындыкъу Катя адэщхуэм и лъагъуэм зэрытетыр.

Тхыгъэри сурэтри
ТАБЫЩI Динарэ*ейш.*

Гъэльэгъуэныгъэм кърихьэлIахэр Сындыкъу Нелли и гъусэу.

Ныбжьыщlэ 800-м щIигъум поплъэ

● Узыншагъэ

Щыкlуухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэхъэзырыр «Iэгъэпыкъу» сабий зыгъэпсэхупIэ центрым.

МЫ ГЪЭМ абы Къэбэрдей-Балъкъэрым, гъунэгъу республикэхэм я щIакъуэу, Москва, Санкт-Петербург, Дон Іуг Ростов къалэхэм, Якутием къраша сабий 800-м нэблагъэ я зыщIагъэм щыкIэтыпIэныгъ. Илъэскъуэ льандэрэ зыпыщIа Астрахань къалэми сабий 350-рэ кьикIынущ.

Центрым и унафэщI Бжыкlыий Сураждин кьыззэрыджIамкIэ, щыкlуухэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэным я Iуэхущlапlэр нэсу хуэзрагъэпэщащ. Зэи къэмыхъуауэ, мы илъэсым «Iэгъэпыкъу»-р япэу хагъэхьащ КъБР-м Iэжьыгъэрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм ирегъэкIуэкIа лотерее гъэджэгуГъэхэм икIи зэкIэтыкIуэу щэнейрэ сом мин 300, 500, 700 кьихьащ. Ар кьахуэсэбэпащ зыгъэпсэхупIэм и хъурейгъыр, стадионыр, гъэмахуэ псом сабийхэм ирагъэшхьну ерыскъыпхъэхэр щагъэхъумэну щыIалъэхэр зыхуэят хуагъэзэнымкIэ.

Центрым щрагъэкIуэкIыну нэгузыужь зэIущIэхэм кьимыдэкIэ, гъэмахуэр икIыху сабийхэм ди республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэльагъуну. Урысеим и Президентым кьыбгъэдэкIыу мы Іуэхущlапlэм тыгъэ кьыхуащIащ зыпIпIыхьакIуэхэр кьыззэрашэкI автобусыщхэу.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Цыхушхуэжэм я гупсысэхэр

Пэжырщ псоми я пэщIэдзэри я кIэухри

●ЕгъуджакIуэ нэхъ Iущыр псом нэхъри нэхъ мащIэрэ дауэращ.

РЕСКИН Джон.

● Зи къуэшыр фIыуэ зымыльагъуу, «ДыкъэзыгъэщIар си фIэщ мэхъу» жызыIэм нцIы еупс. Махуэ къэс зыщIыгъу и къуэшыр фIыуэ зымыльагъум зэи и нэгу кьыщIимыдза Тхъэр дауэ фIыуэ зэрильагъунур?

ИОАНН IV.

● Уи жагъуэ къэзыщIам узэрыхуирыкъужму Iэмалыр - абы къуищIам хуэдэ иумыщIэжьынырщ.

АВРЕЛИЙ Марк.

●Дунейм тет псоми я пэщIэдзэри я кIэухри пэжырщ. Пэжыр щымыIамэ, зыри щыIэнутэкъым. Абы къыхэкIыI, щIыху Iущхэм пэжыр налкъуту къащохьу.

КОНФУЦИЙ.

● Псэущхьэхэм теухуауэ

Дзыгъуэхэм я бзаджагъыр

ДЗЫГЪУЭХЭМ я бзаджагъымрэ я губзыгъагъымрэ здынэсыр сысабийуэ къэсщIащ. 1928 гъэм дэ унэ ныкъуащI къэтщэури, дыIэпхъуащ хуэмурэ зэдгъэпэщыжьну. Унэр и кIэм зэрынэмысам кьыхэкIыу, пщантIэм пхъэнкIий щыIэтельт, Iутхыну дыунэмысу. Арати, пхъэнкIий зэтелым дзыгъуэ хищIащ.

Джэд зыбжанэ диIэти, ахэр абгъуэм щыкIэцIу тхуегъасэртэкъым, бжьыб льабжьэм тIысыпIэ щащIауэ я джэдыкIэхэр абдеж кьущыдгъэуэтыжыр т. Зэман дэкIри, джэдыкIэхэр кIуэду хуежьащ. Зы махуэ гуэрым ди анэм кьыджиIащ джэдх эм дакIэлъапIлъ, кIэца нэужь, джэдыкIэр здэкIэр къэтщIэну.

Джэдым и кьакъэ макъыр зэхэсхри сыжащ, джэдыкIэ «тхуиГъэхьэзырамэ» сепIлъыну. Сльэгъуар тельыджащ. Зы дзыгъуэм и кIапэмкIэ ильэфырт зи ныбэгур дзгъэзеяуэ щыIь дзыгъуэр. Нужьрейм и ныбэм тель джэдыкIэр и льакъуэхэмкIэ иIыгъ. Сыкъыкъэралъагъуу, джэдыкIэр къагьанэри, дзыгъуитIри щIэпхъуэжащ. Кьэзгъуэтар мамэ щыхуэхсыжьм, сльэгъуар щыжесIэжьым, игъэщIэгъуащ икIи джэду лыыхъуэ ежьащ.

Ди анэм кьыгъхуихьа джэдым хуабжьу игу иритхьат ди дёж щыпсэуну. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дзыгъуэ ди куэд хъуат.

Зэгуэрым папэ пхъэнкIий дэтщIну кьалэн кьыщIащIащ. Ди гъунэгъум я гу щыкIур кьеIытхауэ пхъэнкIий щыдэтщым, дзыгъуэхэм я «хэщIапIэр» кьэдгъуэтащ. Ар джэдыкIафэкIэ дахэу кьэщIыхьат.

Абы и ужькIэ куэдрэ згъэунэхуащ сэ дзыгъуэхэм я Iущагъыр, ауэ сипхъу Наташэ кьыхжиIэжар хуабжьу телыыджэ сщыхъуащ. Ар щIэныгъэ-кьэхутакIэ институтым лаборант нэхъыжь у щылажьэрт. Лабораторэм къэхутэныгъэ гуэр щрагъэкIуэкIыу, дзыгъуйх, я шырхэри ящIыгъуу, щIагъэтIысхьат. Ахэр литрипщI зэрыхуэр банкI кухэм ирагъэтIысхьащ, дэтхэнэми дзыгъуэхэм халуэ вакцинэм и щIэр зытет тхьыпIыпIэ кIэрыгъэпщIауэ.

Зы пщэдджьыкь гуэрым лаборантхэр пэшым щыщIыхьам, банкIитхум тета тхьыпIыпIэхэр зэрытемытыжым гу льатащ. ИрагъэкIуэкI кьэхутэныгъэм кьызэрызыуд щIэщхъут абыхэм кьащыщIар.

- Хэт Iэрытххэр кьытезытхъар? Сыту пIэрэ зэращIынур? КьэхутакIуэхэр кьэмыс щыкIэ дзэззэкIуэжыфыну пIэрэ кьэхьуар? - а упщIэхэм псэхугъуэ кьратыгъэкъым Наташэ.

Зи тхьыпIыпIэр мыхъеи банкIым Наташэ щыбгъэдыхьэм, кьиIэгъуащ абы ис дзыгъуэ шырхэр тхьлыпIэм зэрыхэльыр. Ар адрей баллонхэм кьытрахарат. Лаборантхэр куэдрэ егупсысащ абы икIи кьагурыIуащ жэщыр щыIэтыIэ щыхьум, зи шырхэм щхьэкIэ гузавэ анэр ахэр зэригъэхуэбэн гуэр кьилъхьуэуэрэ апхуэдизи зи кууагъ банкIым кьыззэрикIар...

Наташэ тхьылъыпIэхэр кьызэщIикъуэжщ, кьритхьыкIыжри баллонхэм кIэригъэщIэжащ.

Лабораторэм щылажьэ псори куэдрэ егупсысащ дзыгъуэм и зэфIэкIм, ар банкIым кьикIыу зэрихьэжам, ауэ ар зэрищIар кьагурыIуакъым. Дзыгъуэми быдзу ихьумэрт езым фIэкIа зыми имыщIэ щэхур.

ПОЛИЩУК Иван.

● Хъуэхъу

Лашынкъей къуажэм щыпсэу Къуэдзокъуэ Амур щIыкIу и ныбжьыр ильэси 7 ирокъу

Мурэ, Мурэ, си Амур,
Узмыльагъумэ, си гур хощI,
Услъэгъуамэ, си гур хохъуэ.
Уэ уи гъащIэр кIыхь Тхьэм тхуищI.
Уи ныбжьэгъуэхэм уэ уефIэкIыу,
Уамыльагъумэ, къыпхуэзэшу,
Нобэ хуэдэу уи дахэгъуэу,
Уэ уи гъащIэр кIыхь Тхьэм ищI.
Уи адэ-анэр къыпхуэгуфIэу
Уи гугъэфIхэр къохъулIэну,
ГъащIэ дахэ уэ уиIэну
Сыпхуохъуахуэ, си Амур.
Уи адэшхуэр, уи анэшхуэр
КъыпхуэгуфIэу упсэну,
Уи гум фIы къэкIыкIэ
Алыхьталэм къуигъэхъулIэ!

Уи адэшхуэ
КЪУЭДЗОКЪУЭ Хьэчим.

● ФщIэуэ пIэрэ?

Джэдкъаз зэз

Джэдкъаз зэзым сэбэпынагъыу иIэр: джэдкъазым и зэзыр зрагъэшхыр балигъ хьуа цIыхурщ. Сабийм Iуагъакуэрэтэкъым, и кIуэцIыр исынущ жалэрти. Джэдкъаз яуклам и кIуэцIыр къраха нэужь, зэзыр кьыкIэрагъэжьыртI, зыпIэныщкIуу зэрыхуабэу ирагъэльэт зкIыр т.

Ар зи хущхъуэр шхалъэ уз зиIэхэщ, зи льатэр язвэ хьуахэрщ. КьищынэмыщIауэ, джэдкъазым и зэз щынэр зи жьэжьейм мывэ, пщахъуэ ирища цIыхухэм сэбэп яхуокIу, мывэр егъэщащэри кьадохьыж.

Зэз цIынэр зыхуемыгъэльэтэххэм ящIэраш: ар якIутэри стэканым иракIэ, нэхъ гурыхь хьун щхьэкIэ, фо хакIэри, хагъэзэрыхь, зы шей бжэмышх изурэ махуэм щэ яшх, шхэным сыхьэт ныкъуэ иIэжу. Апхуэдэу зэпамыгъэууэ яшхмэ, сымаджэр тхьэмахуэ зы-тIум хьужьын хуейщ.

КьимыдэкIэ, зэз якъутар абджым иракIэ, фо халькъэ, зэIащIэри и щхьэр тепIауэ кIыфIыпIэ-щIыпIапIэм щагъэт махунщ-пIлыкIэ, нэхъ зэхэщыпсыхьын щхьэкIэ. Зэзыр зыхэщыпсыхьа фор бэга, шын хьуахэм щахуэмэ, егъэхьуж.

Джэд нэгэгъум и фэр

Джэд нэгэгъум и фэр кьыззрагъэсэбэпыр: джэд яуклам и нэгэгъур сэкIэ тIууэ зэгуаупщIыкIри екхъур кьрах, итIанэ фэ пIащIэ фIейр кьытрах, ямыльэсу жьауапIэ-хуабапIэм щагъэгъу. Нэгэгъуфэр гъуа нэужь, щэщэгъуафIэ мэхъури, ар яущэ, яухэунщIыкь, кьэп гъущэ цIыкIу м иракIутэри, гъущапIэм щыфIэдзауэ зэрахьэ.

Кьэщагъэсэбэпынум деж псывэм хакIутэри, хьэкум темыту дакьикьэ 25-30-кIэ щагъэтщ, итIанэ язык. Мис а кьыщIихам, стэкан зырызурэ гунэщIу махуэм щэ ирагъафэ зи ныбэ, шхалъэ узхэр. Зи ныбэ узхэр нэгэгъу ущэбар щэ гъэпщтам хэкIутэри ирагъафэу щытащ. Зэ-тIэу Iэгубжьэ изурэ ирафмэ, ныбэуэр ирзэхьужат. Щрафыр гъуэльныжыгъуэм ирихьэлIэт.

КЪУБАТИЙ Борис.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирщ.

● Теплъэгъуэ хэр



ИлъэситI зи ныбжь Лыджыдэ Данизэ цIыкIу сурэт зытригъэжьну фIэфIщ.

● ПщIыхьэпIэхэм къарыкIыр

Пхъы

♦ Пхъы плъагъуэ, зыужьынигъэм, узынщагъэм я нэщэнэу зрагъэ.
♦ Хъыджэбздэсым пхъы пщIыхьэпIэу ильагъумэ, щIэх дыдэ унагъуэ ихьэнущ.

Жьгъей

♦ Дыщэм кьыхъэщIыкIа ахьшэ жьгъей пщIыхьэпIэу плъагъумэ, забжьынну, дэрэжьгъуэ уиIэну араш.
♦ Жьгъейр дыжьыным кьыхъэщIыкIамэ, фIы лъэпкъ кьыпхуихьынукъым. Унагъуэм псалъэмакъ кьихъуэнкIэ хьунущ.
♦ Жэзым кьыхъэщIыкIа жьгъей уепщIыхьмэ, уи дэрэжьгъуэр пIалъэкIэ ехъухьнущ.
♦ Ар гъуапIлъэм кьыхъэщIыкIамэ, лэжьыгъэ гугъу кьыппэщылъу араш.

ГъуэлъыпIэ

♦ГъуэлъыпIэ уепщIыхьмэ, ущIэгъзавэ Iуэхур тэмэму зэфIэкIыну араш.
♦Зейр умышIэ гъуэлъыпIэм уильэу пщIыхьэпIэу пльагъумэ, уи ныбжьэгъуэхэр уапэмыплъагъэ хьэщIапIэ кьыпхуэкIуэнущ.
♦ЩIыбым дэт гъуэлъыпIэм уильэу уи нэгу щIэкIмэ, уи псэукIэр зэребгъэфIэжкIуэ Iэмал гъуэзджэхэр кьыпхуэкъуэкIыну араш.

● Шхыныгъуэхэр

Губгъуэ бабыщ гьэбэкхъа

Бабыщ гьэкъэбзар зэпкърымыхауэ псы щIыIэкIэ ильэс, хьыдан хьбзэзкIэ ильэщIыж, и щIыбым шыгъу, и кIуэцIым бжьыныху, шыгъу щахуэ. КIуэцIфэцIхэри зыхуей хуагъазэри, и кIуэцIым иралъхьэж. ИтIанэ бабыщыр мэл щэ тхъурымбэм кIуэцIашьхри, IуданэкIэ япхэж.

Ар тхъу кьэпльа зэрыт тебэ куум иралъхьэри, мафIэ мыгущIэм тету зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэпльхъуху ягъажьэ. Бабыщыр тебэм кьрахри, шыуаным иралъхьэ, щIигъанэ кьудейуэ псывэ е лэпс щIакIэ, шыгъу хадзэри, и щхьэр тепIауэ мафIэ щIыкIым тету ягъэбэкхъ.

Бабыщыл гъэбэкхъар кьыхах, лэпсыр язри, абыкIэ шыпс ящI. Лэпсым кьытраха дагъэмкIэ бжьыныгъэ гуэдз хьэжьгъэмрэ ягъэлыбжьэ. Шыпсым шатэ тIэкIу щIакIэри, хьэзыр хьуху ягъэбэкхъ.

Iэнэм тратъыуэн и пэкIэ бабыщым Iуданэр кьыхахыжри, Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах. Ялэ щIыкIэ шыпсыр тепщэчым иракIэ, итIанэ абы лыр халъхьэ.

Яшх пщтыру, пIастэ е щIакхъуэ щIыгъуу.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьыпIыкIытхьжащ.

Бзухэм я сэбэп

● Дэ къытхуатх

СЭ НИКЭ и цIэу хьэ цIыкIу сиIэщ. ЦIыкIунитIэщ ар. Iущщ икIи гуапэ дыдэщ. Абы уедэхэщIэныр зыпищI щыIэкъым. Дыщафэ кьыщIэльадэу щы Iув кIыхь тепщ абы. Ар апхуэдизкIэ Iувщи, сыт хуэдизмыщIыIагъми, щIымахуэр зи кьехьэльжьIыркъым.

Иджыблагъэ, гъатхэр кьыззрысу, абы и щыр гуабжэ хъуащ икIи зишьыащ. Дунейр тIэкIу нэхъ хуабэ кьэхъумэ, кьэсщынэу мурад сщIащ Никэ.

Ауэ абы сыхунэсакъым. Зы махуэ гуэрым си хьэр дыгъэм кьиргъэпльа асфальтым тельу пщIантIэм ику дыдэм кьигъуэльэхьащ, ауэрэ жеящ.

А сихьэтым бзу цIыкIу гуэр, Никэ кьытетIысхьащ, мыдрейм зышимыгъэхьейм и щым щыщ Iэрамэ кьыхичри льэтэжащ. Унащхъэм деж щащIа абгъуэм зэрыльэтэжыр сльэгъуащ ар. Дакьикъэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIауэ бзу зыбжанэ кьэльэтащ аргуэру. Абыхэм я макъыр зэрызэхихыу Никэ и нэр игъэплъат, ауэ зэтрипIэжри, бзуэхэр зытригъэтIысхьащ. Езыхэри, хахуэ хъуауэ, я жьэм жьэдэз цы кьыхачуръ зытрезжырт. ИтIанэ кьагъэзэжырт.

Ар зыльэгъуа, ди гъунэгъум я жыг щыхьэкIэм тес бжэндэхуэр зыкъомрэ кьакIэлъапIлъ бзухэмрэ хьэмрэ. ИтIанэ, езыри зыхимыгъэкIыжмэ нэхь кьищта, кьетIысхэащ. Ар кьызэралъагъуу бзухэр льэтэжащ. Бжэндэхъуми Никэ цы Iэрамэ кьыхичащ. Ар абы кьыпхуидэнт?! ЗыкьиIэтри,ебэнащ. Бжэндэхъур льэтэжри, афIэкIа кьигъэзэжакъым.

Бзуэхэм я «лэжьыгъэм» пащащ. Никэ абы-кIэм зэран яхуэмыхьуу щыльт. Уеблэмэ ди нэхъыбэ зытет щIыпIэхэр яхунгъазэурэ гъуэльырт. Ауэрэ бзуэхэр егугъури, хьэм цIуэ тетыр нэхъ мащIэ ящIащ.

Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ си хьэм и фэр нэхъ дахэ, гъатхэм екIу теплъэ иIэ хьуащ.

КОММОДОВ Геннадий.

● Зывгъэдахэ

Дакьикъэ 15 нэхъ мыхъуми

Бзыльхъугъэм и Iэщэ нэхъыщхьэр и дахагъэрщ. Абы кьыхэкIыу ахэр сытым дежи зыкIэлъапIэныжьыр. Зэгуэгъуэныр хуейщ. И щхьэр игъэфIэным махуэм дакьикъэ 15 нэхъ мыхъуми хухихыфмэ, ари куэд и уасэщ.

Псом хуэмыдэу гупльитэ нэхъыбэ хуэщIыпхъэщ напэм. Папафэр дахэу, щабзу щытын, псын щIэу зэмыльэн папщIэ, Iэмал зэхуэмыдэхэр щыIэщ икIи абыхэм зэман куэд текIуэдэнкъым. НэхъыфIыр унэм щызэхэпльхьэжа напэщыхуэрщ. Фи пащхьэ идольхьэ абыхэм ящыщщ зыбжанэ.

Джэдыкlэ кугъуэм къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: Лимоныпсу ткIуэпситху, сжуран дагъэ гъэхуэбауэ бкэмышхышхуэм и ныкъуэ, псы кьэкъульауэ бжэмышх цIыкIу, зы джэдыкIэм и кугъуэ.

Ахэр зэхэззрыхьыху зэIыбощIэри, напэм щыбокуэ. Дакьикъи 10 дэкIмэ, псы хуабжьэ ботхъэщIыж.

Гищериным къыхэщIыкIауэ

Зыхуэцинур: зы джэдыкIэ кугъуэ, гIищерин бжэмышх цIыкIурэ ныкъуэрэ, псы кьэкъуэльа бжэмышх цIыкIу.

ФIыуэ зэхэззрыхьыху зэIыбощIэри, напэ кьабзэм щыбокуэ. Дакьикъи 7 хуэдиз кIэрыбгъэльа нэужь, псы хуабжьэ ботхъэщIыж.

Фом къыхэщIыкIауэ

Халъхьэхэр: бахъэжьэ гъэтIэтIа фо бжэмышхышхуэрэ ныкъуэрэ, лимоныпс ткIуэпситху, хьэжьгъэ бжэмышхышхуэм и ныкъуэ.

Ахэр зэIыбощIэри, хуабзу напэм щыбокуэ. Дакьикъи 10 дэкIа нэужь, бжьэхуцIыр шэ хуабзм хэпщIэуэрэ болъэщIыжри, дакьикъэ 15 дэкIа нэужь псыкIэ ботхъэщIыж.

● Гушыlэхэр

Доллар щитI

- ЦIыхубзыр и щхьэгъусэм йольэIу:
- КхъыIэ, доллар щитI кьызэт, си ныбжьэгъухэм я гъусэу рестораным кофе сыщефэнущи.
- Доллар щитI кофе уефэн щхьэкIи? - кьогубжьIыр.
- Сыту угъэщIэгъуэн, - жи бзылъхугъэм. - Рестораным сыззрыкIуэн щыгъын сыхуейкъэ?!

Ягъэ кIынкъым

ШхапIэм кьыщIэкIыжа цIыхухъур и ныбжьэгъу щIалэм и машинэм итIысхьащ.
- Нежьэ, - жиIащ лIым.
- Зэ умыпIащэ, машинэр схуэзщIэгъанэркъым, - жи ныбжьэгъум.
- Ягъэ кIынкъым, ижькIэ зэщIэбгъэнэнщ, нежьэ уэ.

Сыт къэхъуар?

- Птхьэщ хьу обоим хуэдэ кьызагъэщэхури, сыщагъэуащ, - жери и гъунэгъу цIыхубзым хуотхьэусыхэ Мэрят.
- Сыт къэхъуар?
- ФIей хьуати, кьыкIэрысхри, зэрыжьыщIэ машинэм ислъхьащ. Уэзгъэльэгъуащэрэт ар кьыззрисхьжар.

Тынш дыдэу

Банкоматым и деж щызэрихьэлIа щалитIым:
- А-хьэ кьысхьынути, автоматыр кьызэрызгъэсэбэпынур сщIэркъым.
- Тынш дыдэщ. Банкым ущIохьэ, автоматыр кьыбох, ахьшэ кьыбощтэри, ущкьщIокIыж.

ДЗЫХЬМЫЩI Хужьпагуэ.

ИСЛАМОВ Давлет, *марий усакIуэ*

Жьхапхъэ

Ди жьхапхъэм и гукъанэр
Имыхуыу, мэгъэнанэ:
«Унэм щIэсхэр кьыхуоткIий -
Сыпхъэнкl пэтми я пхъэнкIийр,
КьыхуэмыщIэ си кьуаншагъэр,
Сыкъуагъэтыр я бжэ кьуагъым!».

Винт

- Болт, ди гъащIэр зыпыдгъащIэ, -
Жиlащ зигъэбзэIэфIу винтым. -
Сэ узгъэтынышищ, зэгъащIэ,
Псэуэгъу дыдэхуэхъуу щытым.

Пылымрэ хьэмаскIэмрэ

Крылов дадэ и хьэмаскIэр
Сыту делэ дыдэ мыгъуэт -
Пылым собэн, жери и кIэр
Ирисауэ зигъэщIагъуэт.

Иджы щыIэхэр аракъым,
ЯщIэ: сыт уебэнкIэ пылым?
Яльэгъуауи, благъэкIынкъым -
Дожри, йобзей лъакъуэ гъумым.

Зэзыдзэкlар ХЬЭХ Сэфарбийщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. Адыгэ таурыхъ. **8**. «Гуащэ ..., барэтинагъуэ, данагъуэ Iуп». Нарт IуэрыIуатэм щыщ. **9**. Адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм щыщ Iыхьэ. **13**. IутIыж Борис и пьесэ. **14**. Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ къуажэ. **15**. Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ куей. **17**.Ди дунейр кьэзыгъэнэху вагъуэ гуэрым. **18**. Мэздэгу адыгэ кьафэ. **19**. Янэхъэ хьэгъуэлIыгъуэм и деж дэкъум ильу хуабжьу кьэрыгъэщIу щытащ, иджы ягъэкIуэдыжащ. **20**. Iэщхэм я тхьэ. **21**. Гум щIащIэ, зэрылажьэ шы. **24** Гъуэгу теувэм нэхъыбэу зэрыхуэупсэ псалъэ гуапэ. **25**. Хабзэм кьезэгъ, мыхъумыщIагъэ зыхэмылъ. ЩIыху зэтетми, узынщэми хужаIэ. **26**. Адыгэ Республикэм щыпсэу адыгэ льэпкъ. **28**. ИрипщэфIэну, ирагъэпльыну унэм щIащIыхь мафIэ ищIапIэ. **29**. Кьущыхьэху хьупIэхэм, бгыщхьэ мэкъупIэхэм кьыщыкI, адыгэхэм шхыным халъхьэ удэ, гъэмахуэм гъэгъа хужь щыкIуэхэр кьыпидзэу. **31**. Социалист Лъжьыгъэм и Лыхъужьхэу, партизанхэ Iэзэу, нужькIэ колхоз тхьэмадзэу щыта. **32**. Къэралри республикэри зыщIэкъу ефIэкIуэныгъэ.

Кьехыу: **1**. Щоджэнщыкlу Алий и поэмэ. **2**. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ, кино куэдым щыдзэгуа адыгэ цIыхубз. **3**. Щэн-къэщхун Iуху. **4**. Дыщэ щагъэ. **6**. Адыгэ цIыхубз уэрэд. **7**. ЦIыхубз ... хущанэ. Адыгэ псалъэжь. **10**. КIыщокъуэ Алим и тхылъ. **11** Уэнэ пхьафом, пхъэ вакъэм тралъхьэу щыта лъахьстэныфэ. **12**. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьхэу Дадэ Хьэмытlэ, Емышэ Хьэлий, Щауэ Iэхьед сымэ я IащIагъэ нэхьыщхьэу щытар. **15**. Прохладнэ куейм хыхьэ къуажэ. **16**. ... зэпщымыIам насыпи щыIэкъым. **22**. ГъущI ирагъэпльу кIыщым къыщIагъэсэбэп Iэмэпсымэ. **23**. Щхьэгъусэ къэзышам къыкIэльыкIуэм ирауцэйуэ щыта баш къиIыж. **24**. Жэнэт хьэпIащIэкIэ еджэу цIыв къуэлэн цIыкIу. **27**. Блэгъыным нэгъэщIу зэредж. **28**. Гу кьабзэкIэ зыгъэрым тэмэму, хьэлэду бгъэдтын. **30** Хахуэ, гушхуэ, щхьэмыгъазэ. **31**. Хьэжьгъэ, сыт хуэдэхэр кьызэрыракIутэ хьэпшыпш.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Накьыгъэм и 30-м ди газетым тета псалъэзблэдзым и жуэпхэр:

1. Мэжаджэ. **2**. Лэкъум. **3**. Дэлэн. **4**. Мэрамысэ. **5**. ШкIэпльэ. **6**. Бэджьынэ. **7**. Тхъурыжь. **8**. Хъарбыз. **9**. Лэпстепхъэ. **10**. ХьынкIэл. **11**. Мэрэмжьей. **12**. Джэдыкlэжьапхъэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ(жэуап зыхь секретарь), ГъэщIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; куэдрэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхугъащ Iэхэм я дэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пасмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхугъащ Iэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхаэм нэсу жэуап яхь . Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зэныту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынар и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зэныкъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Къэрмокъуэ Хьэмид, корректорхэу Цей Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Инир *(1, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я лэжьакъуэгъу Нуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахъуэ Анжелэ, ЩакIуэ Мадинэ, *суэттыщI* Бицу Аминэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1805